**XIBAAR CI SCREENING – Seet yi ci digu réew mi ci biti**
**Jàll bu amul ndigal ci géej walla ay xew-xew SAR**

## XIBAAR YU JËM CI SCREENING

Yaa ngi nekk ci __________________ bu nekk ci Itali, réew bu bokk ci Bennoo Bëyop, te nu ngi lay xamal ne nu ngi fii ngir dimbali la; su fekkee am nga laaj walla soxla nga ndimbal, bul xàjjul laaj. Am nga sañ-sañu jariñoo ak liggéeyi tekki làkk (interprète) ak mediaasiyoñu cosaan yi ngir féexal jokkoo bu leer ak Kilifa yi am kàttan. Rax-ci-dolli, ci bépp jamono mën nga laaj ay laaj ak ñaan leeral. Su mënee am, mën nga ñaan wax ak góor walla jigéen.

**1. Tre yi war ngir dugg**

- Léegi, doo amagul ndigalu loxo ci biir Bennoo bou Europe, ndaxte xammee nañu ne akssiwo si yoon bou leagle ak ci anam bu wóor.
- Kon Kilifa yi war nañu def ay seet lu , ñukoy woowe *screening*.
- Ci biir jëfandikoo bii, sañ-sañ yépp ak wareef yépp yu yoonu réew mi, yoonu àdduna bi ak yoonu Bennoo Europe tëral dinañu am solo te dinañu ko sàmm.

**2. Jëf yi ñuy def ci screening** Jëfi screening yi dinañu am ci bureau bi nga nekk. Lii ci suuf mooy jëf yi Kilifa yi di def ci toppandoo ak Reglementu screening:

- **Kaaraange:** Seet ci yaramu nit ki ak ci ay mbir yu boppam (bagas) ngir kaaraange.
- **Seetu wér-gu-yaram:** Seet yu njëkk yu liggéeykat yi ci wàllu wér-gu-yaram di def ngir xool ndax am na soxla ndimbal wér-gu-yaram bu gaaw walla soreel nit ñi ngir kaaraange wér-gu-yaramu askan wi.
- **Seet dantite bi:** Dajale say leerali bopp — tur, bés ak béréb bu nga juddoo, réew — ak wone kayitu dantite walla tukki yu mën a nekk ci sa loxo. Su fekkee joxuloo kayit yi, Kilifa yi mën nañu ko jàppe ni ñàkk bokk ci liggéey bi te loolu mën na am ay toppatoo.
- **Anam:** Waxal su fekkee amoulo réew, walla bokko ci benn réew aduna (apatride).
- **Njaboot:** Waxal ndax am na njaboot walla mbokk guy ànd ak yaw, ngir ngeen mëna desandoo.
- **Sabab:** Waxal sabab bi tax nga dugg Itali.
- **Séddale leeral:** Séddale say leerali bopp diggante Kilifa yi , te duñu ko jox kenn ku dul bokk ci ñoom su fekkee joxuloo sa ndigal.
- **Rëddi baaraam ak foto:** Nangu say rëdd yu baaraam (impronte) ak foto ngir xam dantite bi.
- **Sistem digitale:** Seet say leerali bopp ci sistem yu digitaalu réew mi ak yu Bennoo Europe ngir kaaraange.
- **Denc leeral:** Dajale ak denc leerali bopp yi, diir bi war rekk, ngir doxalinu jëfandikoo bi ci yoon.

- **Ndimbalu faj ak xel:** Beneen seetu fajkat ngir xool ndax am na soxla faj yu gaaw, soreel wér-gu-yaram, ndimbal fajkat bu xereñ walla ndimbal ci wàllu xel (psychologique).
- **Waxtaan bu beru:** Waxtaan bu kenn nit rek ngir leeral ci wàllu néew doole walla soxla yu beru, ak yëgle ci saa si xaalis yu néew doole bu am solo.

**Soxla yu beru ak Néew doole (Vulnerabilités)** Su fekkee yaa ngi ci xaalis bu am soxla bu beru, am solo nga wax ko ci saa si ak Kilifa yi ngir ñu jox la ndimbal bu dëppoo. Misaal:

- Amuloo 18 at (mineur nga);
- Soxla nga paj bu gaaw ( danga feebar lool );
- Jigéen nga, lesbienne nga, gay, bisexual, transgender, walla intersexe (LGBTQI+);
- Am nga febarou xeel , walla soxla nga ndimbal ci wàllu xel;
- Mag bu màggat nga;
- Yaa di waajur kenn doŋŋ (parent isolé) ak doom yu ndaw;
- Am nga feebar yu metti walla jafe-jafe yu xel yu metti — ci biir loolu stress bu topp ci xew-xew bu metti (trauma);
- Ëmb nga;
- Yaa mucce ci tortuure, viol walla beneen xeetu fitna bu metti ci xel, ci yaram walla ci wàllu seks;
- Doundou nga fitna bu aju ci djongou djiguen, manam genital yu jigéen (mutilations génitales), sëy bu xale walla bu ñu la forcer, walla fitna bu aju ci seks, sa melokane, sa xeet walla diine;
- Doundou nga mbiroum jaay nit (traite des êtres humains) ngir jëfandikoo ci seks, liggéeyu doole walla lenen.